

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Konprann Pwen Enpòtan SSI: Kont ki Dedye pou Timoun



### Kisa yon kont dedye ye?

**Benefisyè reprezantan** pou yon timoun enfim ki poko gen 18 tan epi ki elijib pou gwo peman ki gentan dwe (anjeneral nenpòt peman ki kouvrí plis pase **sis mwa** tarif benefis regilye a) nesesè pou ouvri yon kont apa nan yon enstitisyon finansye.

Peman ki poko fèt yo ap depoze dirèkteman nan “kont dedye” a, epi peman sa yo ka sèvi sèlman pou depans ki asosye avèk enfimite timoun nan.

### Ki kondisyon ki genyen pou kont dedye a?

- “Kont dedye” a dwe separe de kont ki sèvi pou peman benefis regilye pa mwa epi li ka sèlman yon kont chèk, kont-depay, oswa kont depo mache monetè.
- Lòt lajan yo, eksepte pou sèten peman benefis SSI ki poko fèt, pa ka asosye avèk lajan ki nan “kont dedye” a.
- “Kont dedye” a pa ka sou fòm sètifikasi depo, fon komen plasman, stòk, bond, oswa tchwòs.
- Tit ki sou “kont dedye” a dwe montre se timoun nan ki posede lajan yo, avèk enterè yo tou.

### Kouman ou ka itilize lajan ki sou kont dedye a?

Ou ka itilize lajan an sèlman pou depans sa yo:

- tretman medikal; ak
- edikasyon oswa fòmasyon pwofesyonèl pou travay.

Nou pèmèt depans sa yo tou, si yo benefisyè timoun nan epi si yo asosye avèk enfimite a:

- bezwen oswa asistans pèsonèl (pa egzanp, swen enfimyè ki nesesè nan kay);
- ekipman spesyal;
- reparasyon kay;
- terapi oswa reyabilitasyon; oswa
- lòt atik oswa sèvis biwo Sekirite Sosyal apwouve, tankou frè legal ki depanse pou timoun nan pou fè yon demann pou benefis timoun enfim nan.

Ou ka pa itilize lajan sa yo pou frè antretyen debaz pa mwa tankou pou manje, rad, oswa lojman.

Ou ta dwe itilize benefis regilye pa mwa a pou manje, rad, oswa lojman timoun nan.

Si w gen nenpòt kesyon sou itilizasyon lajan an, kontakte biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou.

## Kouman Sekirite Sosyal ap kontwole kont dedye a?

Chak ane, n ap mande **benefisyè reprezantan** an pou li prepare yon rapò sou utilizasyon lajan ki nan "kont dedye" a ak benefis regilye ki resevwa pa mwa sou non timoun nan.

 Li trè enpòtan pou benefisyè a konsève resi yo, etadkont bank yo, epi pou li konsève yon dosye deplas vo pandan omwen **dezan** kòm verifikasyon depans yo. **Benefisyè reprezantan** a ta dwe anmezi pou ba nou yon eksplikasyon sou nenpòt depans ak fason depans lan asosye avèk enfimite timoun nan.

Si gen yon chanjman **benefisyè reprezantan** epi gen yon "kont dedye" ki egziste, ansyen benefisyè a dwe ranpli yon fòm kontablite final lajan epi pou li retounen balans kont lan ban nou. Answit n ap transfere lajan an nan yon nouvo "kont dedye" nouvo benefisyè a louvri.

Epitou, apre timoun nan vin gen 18 tan menm si li se benefisyè pwòp tèt li, dispozisyon pou kont dedye a ap toujou aplike nan kont ki egziste a. Lajan an ka sèlman sòti sou kont lan annakò avèk gid kont dedye a.